# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु संझा बनारस पहुंचलें। उहां के सर्किट हाउस में जनप्रतिनिधियन अउर सीनियर अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के विकास परियोजना क समीक्षा कइलीं। येह दौरान उहां के निरदेसित कइलीं कि सज्जो निरमाणाधीन परियोजना तय समय–सीमा अउर पुरहर गुणवत्ता के साथे पूरा होखे के चाही। समीक्षा बइठकी में मुख्यमंत्री, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के बीस अक्टूबर क प्रस्तावित दुइ दिन क बनारस दौरा के ले के तइयारियन जनकरियो लिहलीं। समीक्षा बइठकी के बाद मुख्यमंत्री सिगरा क भारत सेवाश्रम संघ पहुंचलें, एहवां दुर्गापूजा उत्सव में सामिल भइले के बाद उहां के सिंगरा खेल स्टेडियम जा के निरमाण कार क निरीक्षण करबि। ओम्मेद जतावल जा रहल हौ कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बीस अक्टूबर के प्रस्तावित दौरा में छौ सौ पचास करोड़ रूपिया से बेसी क लागति वाला कई गो विकास परियोजना क लोकारपण अउर नेइ धरिहें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ तिउहारन के देखि के आजु लखनऊ में मुख्य सचिव, डीजीपी, अपर मुख्य सचिव गृह आ अउरियो विभागन क सीनियर अधिकारियन के साथे कानून व्यवस्था क समीक्षा कइलें। येह दौरान उहां के कहलीं कि हर मत, सम्प्रदाय के आस्था क सम्मान होखे के चाही। मुख्यमंत्री कहलें कि जो त केहू आस्था के साथे खेलवाड़ करी, महापुरूस, देवी–देवता, सम्प्रदाय के आस्था के खिलाफ अभद्र टिप्पणी करी, त ओके कानून के दायरा में ले आके कठोर सजा दियावल जाई। मुख्यमंत्री पुलिस प्रसासन के निरदेस दिहलें कि शारदीय नवरातर अउर विजयादसमी क तिउहार हंसीखुसी, सान्ती अउर भाईचारा के माहौल के बिच्चे पूरा हो, ई हर जिला, हर थान्हा के सुनिस्चित करे के होई। माहौल खराब करे वालन के चीन्हि के कठोर कार्रवाई करें। महिला सुरक्षा सुनिस्चित कइले क निरदेस देत मुख्यमंत्री कहलें कि भीड़िभाड़ वाले इलाकन में फुट पेट्रोलिंग अउर पीआरवी एक सौ बारह क पेट्रोलिंग तेज कइल जाव।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, संवैधानिक पद पर आजु तेइस बरिस पूरा कइ लिहले हवें। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने सोसल मीडिया एकाउंट एक्स पर पोस्ट लिखि के उन्हें सुभकामना दिहले हवें। मुख्यमंत्री लिखलीं कि मोदी जी क प्रेरणादायक तेइस बरिस हर जनप्रतिनिधि बदे उत्कृष्ट मार्गदरसक हौ। उहां के लिखलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क हर नीति अउर हर योजना वंचित अउर गरीबन के समग्र उत्थान के नया आयाम दिहले हौ। ओनकर अगुआई सेवा, सुसासन अउर सुरक्षा बदे समरपित हौ।

**********

प्रदेस क ऊर्जा अउर नगर विकास मंत्री ए.के. शर्मा अपने परभार वाले भदोही जिला में आजु विकास परियोजना क समीक्षा कइलें। येह दौरान उहां के कहलीं कि सड़किनि के गड़हामुक्त कइले के सथहीं बिजुली व्यवस्था के दुरूस्त रक्खल जाय।

**********

सारदीय नवरातर के पचवां दिन्ने आजु माई आदिसक्ति जगत जननी दुर्गा क पचवां स्वरूप स्कन्द माता क पूजा कइल जा रहल हौ। राज्य के कई सक्तिपीठन अउर मंदिरन में भिन्नहियें से सरधालुअन क भीड़ि उमड़िलि हवे। बलरामपुर के देवीपाटन सक्तिपीठ में दरसन–पूजन बदे लग्गे के जिलन के अलावा पड़ोसिहा देस नेपालो से सरधालु पहुंचि रहल हवें। बनारस के भागेश्वरी दंवी मंदिर में आजु सरधालु देवी स्कन्द माता क खास आराधना कइलें। महराजगंज जिला के लेहड़ा माता मंदिर, गोरखपुर के कुसम्हीं जंगल में बुढ़िया माई मंदिर अउर चौरीचौरा इलाका में तरकुलहा माता मंदिर में आजु भिन्नहियें से देवी भक्तन क तांता लागल हौ।

**********

गोरखपुर जिला के कचहरी बस स्टेसन से परिवहन निगम नवरातर में सरधालुअन के सुविधा खातिर आजु से विन्ध्याचल बदे सोझै बस सेवा सुरू कइले हवे। परिवहन निगम क क्षेत्रीय प्रबुंधक लव कुमार सिंह बतवलें कि रोजाना दुइ बस गोरखपुर से सोझे विन्ध्याचल बदे चलावल जाई।

**********

लखनऊ क आमिर अली के भारत क जूनियर हॉकी टीमि क कप्तान बनावल गइल हौ। ऊ मलेशिया में होखे जा रहल सुल्तान जोहोर कप हॉकी प्रतियोगिता में भारतीय हॉकी टीमि क कमान सम्हरिहें।

**********

उत्तर प्रदेश हॉकी क पूर्व उपाध्यक्ष स्वर्गीय धीरज सिंह हरीश के पहिला पुण्यतिथि पर आजु गोरखपुर क क्षेत्रीय क्रीडांगन में मण्डलीय हॉकी प्रतियोगिता क आयोजन कइल गइल। प्रतियोगिता क उद्घाटन केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्य मंत्री कमलेश पासवान कइलें।

**********

राज्य के पच्छिमी इलाकन में मानूसन क बिदाई हो गइल हौ अउर बिहने से पूरबी इलाकनो में मानसून क दौरा खतम भइले क अनुमान लगावल गइल हौ। येह बिच्चे आजु पूरबी उत्तर प्रदेस क मौसम सुस्क बनल रहल। मौसम वैज्ञानिकन के हिसाबि से येह बेरि पूरबी उत्तर प्रदेस में घना कुहेसा के साथे पछिला बरिस के तुलना में ढेर ठंडी परी।

**********